

# Poezi la vi mwen

Se yon rezime de tout sa'm viv, tout sa 'm wê , tout sa 'm tande. Se yon chapit ki make santiman'm ,ki reflete experyans nan la vi'm.Se yon enstriman pou ki sansiblize'w,e menm ede'w tande sa ou pot ko tandem. Poezi la vim, se yon ti kado lespri kap guide'm , ankouraje'm ekri pou nou ,jis pou'n pi byen konprann la vi, tet nou, environman nou e menm Ayiti peyi-nou.

Poezi la vi mwen, se kout plim pa mwen ke'm pataje ak tout



zanmi ,fanmi,vwazen ak etranje kap kontinye fe chak jou yon experyans ki reflete déjà la vi yon lot . Se kado nou fe madanm nou, Naudine Supreme. Pitit nou Jeffrey, Joanah, ak Stanley Joachim. Se pou sè nou Guerda Cherilus ansanm ak tout zanmi ki non selman sipowte nou, men ki ede nou grandi pou tout la vi. Poezi la vi, se pou'n di nou tout mesi.

Me chesnel Phanord, Dr Joseph Joachim Benoit, Dr Arold Augustin, Dr Michel Evans Dorval, Mr Joel Olivier, Mr Anell Monrose, Mr Ernst Louis Jacques, Mr Jacques Ebel Raphael, Mr Edouard Mathieu, Maggy Reed, Merlande Roche, Nyrsa Oscar, Serge et Rolane Napoleon, Karina Ductan, Carene Dubousquet, Antonio Philantropo, Joel Supreme, Joachim Dickens, Grace Lecors, Joseph Achille (Nene Digital) Jacques Petit, Karl Henry Duchatelier, Jules Harold Longchamp. E tout lot kem pa gen chans site non yo.

Se pou nou ankourage tou, tou zanmi ak manb ki sipowte mouvman SHARE la, paran ak ti moun ki montre volonte patisipe avek nou.

Pou nou ankouraje tout lot mouvman e organizasyon kap, seme pou leve, jis pou ede ak chanje moun, sosyete ak peyi d'ayiti ki se sous refleksyon ak motivasyon nou.

Francois Joachim Dessalines

# **MEN LIS POEM KE NOU EKRI**

- 1- Ann Travay
- 2- Ann gade sou Gonayiv
- 3- Premye janvye 2014
- 4- Refome Lekol
- 5- Politik
- 6- Reflexyon
- 7- Anyen
- 8- An Kreyol
- 9- Endepandans
- 10-Ayiti
- 11-Idantite
- 12-Kem Ap Dechire
- 13-Mwen we lwen
- 14-Apran'n Reve
- 15-Pitye Ayiti mande
- 16-Se pa fot nou
- 17-Tren-an sipoze derape
- 18-Neg peyid'Ayiti
- 19-Tonton Nwel
- 20-Pa kondane'm
- 21-Zanmi SHARE
- 22-KOM si ou pa we
- 23-Ede'm Krye
- 24-Referans

# **ANN TRAVAY**

Nou konpran n' santiman anpil ti moun bò lakay

Nou konprann bezwen tout ti zanmi kap pase tray

Se pi bèl moman, pou tout voye je sou tout kay

Kay an brik, kay tòl, kay tonel , e menm kay pay

Pouki sa ti moun bò lakay , tout la jounen ,ap pase tray

An veryte, se pa detay, E nou pa gen ase pou n' bay.

Pout tèt sa, nou dwe reyòganize bò lakay, pou'n travay

Jis pou demen pitit pa w', ak vwazen pa pase twop tray.

Se pa paske nou lwen lakay , pou n' pa f è efò pou n' bay

ti moun bò lakay , yon ti bagay , menm yon poupe pay.

O non tout ti moun bò lakay ,ann mande pouki yap pase tray.

Lekol sous ledikasyon ak fomasyon pa janm rive tout bon travay

Agrikilte ak plante, vann tout jaden ak te pou ale pi lwen lakay

Ensekirite, protitisyon, vyol ak vol, rezulta move politik ki pa travay.

Ann travay pou bo lakay , yon jou a gen yon lide ki p a la pou bay

Pito pou ofri yon bon plan travay, pou evite tout timoun pase tray

Jodia, nap kontinye panse ak tout ti moun bo lakay kap pase tray

Sila yo,wap gade chak jou , fanmi yo disparate kon yon kout loray,

Ou pa janm gen chans ,gade , tandem e menm we ke yap pase tray.

Yo tout kote,nan tout peyi, nan tout la ri, Sanble yo pi plis bo lakay.

# **AN NOU GADE SOU GONAYIV.**

An nou gade ansanm resulta yon travay ki pozitif

Nou sonje ke mwen te di nou nan denye rapo'm

Mwen te voye banou sou entenet , ke mwen sot

Fe de mwa an Ayiti e mwen retounen nan jou

Ki te 18 Novanm de mil dis- 10 jou avan eleksyon-yo

Nou sonje tou, ke mwen te pale nou de jounen inoublyab

Se paske mwen te satisfie anpil de travay ak mesaj

ke mwen te bay tout moun Gonayiv nan okasyon sa-yo.

Nou te fe plizye reprezantasyon ,nan radio vizyon2000

Nou pale sou plas public,nou pale nan radio Etincel

Nou reafime pozisyon nou yon lot fwa avek Moumou

Nou pale nan de okazyon pou Charles Henri Baker

Nan Domaine Night club , nou fe tout moun poze

Sou plas boutey nan Gonayiv, se te tet chaje

Mwen te di tout moun Gonayiv, zanmi'm ak fre'm

ke mwen retounen nan vil –la

Pou mwen bay patisipasyon- mewn e pou nou chanje

Sitiasyon malonet ke nap viv-la jodi-a.

Mwen te di yo , mwen retounen se paske mwen bouke

Pran desepsyon nan men lot moun ,selman paske

Mwen se moun Gonayiv .E kel ke swa efo map fe

Nan vi mwen, yo toujou relem dechouke.

Mwen te bayo egzanp tou de bagay pozitif sa -yo

Yon sit entenet pou Gonayiv depi 2006

Pou fe moun lot-bo konen ke nou ka fe bon bagay tou

Mwen reyalize 5 dokimante pou vil- la

Mwen te kon depanse kob mwen pou'm

Selman pale de Gonayiv nan zon ke map viv- la

Mwen se Premye baskete Olympic vil-la 1978

Mwe bouke pran desepsyon paske nou menm

Depi 1986, politisyen-nou yo itilize-nou

Pou enteret pa yo, Yo fe nou kraze brize

E yo fe nou detwi menm prop fanmi- nou.

Ane sa-a nap voye yon mesaj-ba yo

Nan Gonayiv. Nou fe politik yon lot jan

E se sa ki fe Gonayiv jodia rete tet poze

Nou pa vle peson vin bafre nou anko.

Nou pa remake se sel nan Gonayiv

Ke tout kandida yo te gen chans pase

Pou mennen kanpay-yo e san violans

Si yo te entelijan depi le sa-a

Yo ta dwe kompran ke vil-la chanje

Men se pa sa yap gade e se pat sa yo te vle

Nou te propoze-yo, pou yo te vin pale

Ak nou sou bezwen- noun an vil-la

Problem ke nap viv chak jou nan Gonayiv

Kolera- grangou- travay ak edikasyon pou pep –la

Nou te ofri- yo tout vin pale ak –nou

Yo te vini-wi men se zafe pa yo  
Yo te vin okipe, yo pat kompran mesaj-nou.-yo  
Nou fe politik ,yon lot jan, yon lot fason  
Nou sispan kraze, nou sispan brize  
Pandan lot yo ap detwi tout vil yo  
Nan moman-sa-a nou envite-ou reflechi ak nou  
Pou ansanm –nou ka jwen yon bon  
Solisyon pou retire peyi-ya nan  
Gagot politik-sa- a .Nou felisite tou moun  
Gonayiv pou kouraj-yo, pou kompreansyon-yo  
E pou proteksyon yo bay vil-la  
Nap di yo veye , pa rete ap domi  
Rete pito motive, pou nou ka motive lot moun  
E fe yo kompran tou, ke Ayiti se peyi pa-nou  
Li vo plis rekonsenti , ke kraze'l  
Nou konen ke nan yon panye zoranj  
Ka gen kek gress ki pouri. Men jiska preznan  
Nou tout fe prev ke nou komprann mesaj-yo  
Gonayiv rete anko trankil e se sa nou vle  
Nou banm rezon, Ayiti ka chanje  
Men Chanjman-an dwe komanse  
Avek ou menm e bo lakay ou  
Nou di BRAVO tout moun Gonayiv  
Kenbe pa lague- an nou kontinye reflechi ansan-m  
Pou nou jwen yon meyê solisyon

Pou libere Ayiti apre 207 ane endependans

Dessalines Joachim



# **PREMYE JANVYE 2014**

Nan yon fason ke peson pata jan'm vle kwel

Fok fet sa-a ta pi fo menm pase tonton nwel

Premye Janvye sa-a , ta dwe telman bel

Menm moun tot lot kote ta dwe vini wel.

210 lane endepandans nou, fok nou fel

Dat ystorik sa-a, Premye janvye de mil katoz

Ayisyen tout kote, pa dwe jwenn yon koz

Ni yon rezon, pouki fe ke nou pa ka la.

Nou ta dwe depi konye ya propaje nouvel la

Nou ta renmen reyalize, la kay , pi gwo festival

Nan Gonayiv, kom yon pi gwo zev sosyal

Pou leve yon fon menm pou yon lopital

Nou mande atis Aysyen tout kote

Kel ke swa mizik ke yo chante

Pou yo ede'n oganyze ak planifye

Gwo jounen sa-a ki make tout bon vre

De san dis lane mechanste

Ke Ayiti peyin passé

Pou Selman lybete ke nou te mande.

Nou dwe nan Gonayiv pou premye fwa

Iny entelijans ak kompetans

Chak gress ayisyen ki gen bon sans

Pou nou di yo ke nou pa nan rans

Nap fete 210 lane endepandans

Premye Janveye de mil katoz,  
Ayisyen kel ke swa kote nou ye  
Dwe selebre jounen sa-a ki make libete  
Nou pa dwe al travay pyes kote  
Nan jounen dat sa-a ke nou tout dwe fete  
Endepandans pa nou kite toujou boykote  
Premye janveye de mil katoz  
Nan vil Gonayiv se tet chaje  
Ti moun kon gran moun tout kote  
Yon Baleyn pou limye  
Yon mayo blan pou la pe  
Se pou nou vini rakonte  
Listwa yon lot fwa, jan'n te pase  
Anba pye tonton Dessalin  
Devan legliz katedral ki pi klyn  
Nou pral ansam la prye  
Pou mande Bondye limye  
Nan mitan tout chimen  
Nap trase kom premye pep revolte  
Premye Janveye de mil katoz  
Nan vil Gonayiv, se pou'n trase  
Yon lot egzanp pou limanyte  
Pou tout moun ka apran respekte  
Tout presensy bondye mete  
Libete egalyte fratenite

Ki se banye diyite ak fyete

Premye pep nwa soulaje.

Premye janvye de mil katoz

Nan Gonayiv, fok nou asyste

Pi gwo la prye ak men leve

Pou nou ka ede Ayiti Avanse

Dat sa-a premye janvye, fok nou pa blye'l

Nan Gonayiv, fok nou selebre'l

Ayisyen tout kote, nou dwe sonje'l

Depi jodi ya menm, nou dwe planifye'l

Francois Joachim Dessalines



# **Mwen prye Bondye chak jou**, pou'l kontinye pwoteje ayiti

Menm jan li te fe sa deja nan dat eleksyon Michel Martelli

Se letenel sel, ak tout lot ekip ki rele nou zanmi, ki ka di nou pouki

Pouki an 2010, nan mitan yon eleksyon nan yon peyi tankou ayiti

Yo desyde fe rerounen, ou voye ba nou de pi gwo enemy

Titid ak Duvalier de leader ki ran nasyon-an pi divize

Se te yon fason pou te gen gwo men leveve

Se paske yo te panse ke tout pel-la tap leve kanpe

Ministrha te deja byen pare ak yon lame

Ki te pre pou'l kraze tout pitit bondye

Ki te pans e ke yo tap batay pou sove Ayiti

Se Bondye sel kite ka eparnye nou

Jiska jody-a anko, pêson pa janm ka rive

Konpran malgre tout divesyte ak mechanste

Oken'n guê sivil ka jan'm ka demare

Ah se Bon Dye sel kap Sove Ayiti

Li banm limye pou'm panse ak reflechi

Jiskas ke mwen resi fe tout piti peyi d'ayiti


Se pa ni pou eleksyon, ou ni pou demokrasy

Nou dwe aksepte kraze ou detwi yon ti peyi

Li le, li tan pou nou reflechi, jis pou sove Ayiti

Depi lontan nap goumen pou demokrasy

Ki se pou tout zanmi Ayiti , yon kouvety  
Mezanmi, Kote, tout ptit peyi d'ayiti  
Ann leve tet nou , pou'n pote chapo Desalyn  
Pou nou rasanble tout aysyen marchand ak grande Salyn  
Aisyen tout kote, nan No ak SID , leve kanpe  
Pou pwoteje sel moso te zanset nou yo te kyte  
Se yon dwa nou tout genyen kom pep  
Pou nou Evalye tout listwa ki pase  
Pou nou ka byen chwazy ki rout pou'n trase  
Nou pran twop tan nap boloze, nap mande  
Jody-a nou dwe mande ki sa reyelman nou vle



# **REPANSE LEKOL**

Nou dwe , ansanm repanse lekol, tout bon vre nan sisyete lakay,

kl se youn nan vre koz, ak rezon ki fe nou tout ap pase tray

Lekol ta dwe ba nou limye, pou 'n ka we , menm nan fe nwa.

Lekol ta dwe, kouran la vi nou tout , ta dwe ran nou vinn pi fo

Lekol ta dwe yon enstriman, pou nou mezyre konpetans nou.

Yon reg pou ede nou kontrole diferans ak richess lakay nou.

Li ta dwe yon bousol pou oryante, desizyon nap pran nan la vi nou

Lekol ta dwe yon guid pou sensibilize, chak gress nan nou,

Yon lesion pou motive la vi nou , sou kel ke swa fom , la kay nou

Yon ba dereksyon pou dirije ak kontrole tout vi'nou.

Se sel lekol ki fe nou gen sans e ki ede nou pran konsyans.

Jody-a Lekol , se kle ki femen tout pot relasyon nou,

Nou itilize lekol, kom kle pou devyse boulon mote la vi nou.

Enstriman pou mezyre febles, ak konpetans nou .

Gras a lekol nou rekonet , nou pa kamarad yon ak lot.

Lekol ran nou divize, menm le nou soti nan yon sel fanmi.

Malgre tout klass ke nou fe, Se kom si nou pat ale lekol.

Se paske lekol , lakay pa janm jwenn definisyon li merite

Se sel enstitisyon, ki la pou fome moun ,ki pa vle viv tankou bet

Se sel so la viktwa, sou l'inyorans. Se limye, sou tout fos nwa

Se bwat sekre la vi-a, Se sous dlo larivye ki pote lespwa

Lekol se senbol libete,Sel garanti la vi pou yon demen miyo.

# **POLITIK**

Sevre, tout sa nou fe nan la vi, Se politik

Men lakay, nou fe Politik, tout la vi

Politik lakay, fenn pedi bon sans ak lespri

Politik ran nou divize menm ak tout zanmi

O non la politik, nou touye menm pwop fanmi

Poutet politik, nou tounen malfini

Pou yon post politik, nou detwi pou la vi.

Politik lakay mande redefini, menm jan nan tout lot peyi.

Politik ta dwe yon syans, pou ki ede nou defini

Ankradreman, filozofy, ak tout fom la vi

Direksyon ak bon angajman nou dwe chwazi

Politik lakay, mande pou redefini

Paske se sel lakay, politik tounen yon zouti pou travay

Se sel lakay, politik se yon koz ki fe nap pase tray.

Se vre tout sa nou fe nan la vi se politik

Men lakay sou pa vle fe politik

Ou gen pou' w pase tray

Se sel lakay politik bay moun travay

Pou'w reyalize menm yon ti kay pay

Politik la kay mande redefini

Poutet politik gen two moun ki mouri.

Politik ta dwe yon bon mizik

Ke nou te ka danse pou tout la vi

Yon dans ki ta dwe fe nou tout plezy

Yon zouti pou defan entere yon peyi.

Malerezman An Ayiti, Politik se pou'n detwi.

# **Pou Panse Pou Pep AYISYEN Pedi-Plys-Pou Peyi'n Pou'l Pa Peri. Paske Pita Pote Plys Pwoblem Panse: Peyi'n Paka Peri**

Francois Joachim Dессalines

# **Edem konpran,**

Poukisa andan peyi d'ayiti e tout kote nou pase  
Depi apre 12 Janvye ,koule tout ti ayisyen chanje  
Anpil ti bebe, nan tout andeyo, je vet ak cheve syre  
Piti' t Ayisyenne, yon sé, yon kouzine, nou tout neglige.  
Depi apre premye janvye 1804, nou te declare lybete  
Ayiti pa jan'm ka retrouve trankilate ak stabilite  
Poukisa menm jan ak tout peyi ,tout lot kote  
Eleksyon lakay pa jan'm ka bay yon lyde ki gen kalite  
Si nan tout lot peyi etranje, Eleksyon fe yo mete  
Bon gouvernan, bon prezidan ak enstitusyon  
Lakay eleksyon se pou trouble la pe, se pou'n rete divize  
Se pou ankouraje tout enstabilite,pou nou ka kraze ak touye  
Pouki sa zot chwazi voye retounen la kay  
Aristid ak divalier avan menm yon eleksyon  
Kote pep ayisyen tap mande chanjman san kondisyon  
Tout move dirijan ,lyde ak klass politik pou yo konveti  
Se pat sa- yo te espere, zot,tap tan nou tout revolte  
Minustha te deja byen kanpe,men se pat sa Bondye te vle  
Kel ke swa prezidan ak gouvernan ki monte  
Ayiti toujou genyen kryz pou' l jere.  
Kom si dire, lakay, se sel kote , la lwa tout peyi aplike  
Men yon fwa se pou nou rete divize  
Defet madam Manigat, Edem we kle nan dosye jodya

Edem konpran manda kont Aristide,Duvalier ak Preval

Nan moman ke zot ap bay presyon pou kontinye

Fe move eleksyon pou mete troublay nan peyi d'ayiti.

Apre tout kob kite ramase, le 12 janvye te pase

Ki kote yo pase e ki yes , kitap ramase.

Kote plan ak proje maggouye te trase

Pou te ede Ayiti Demare, Edem konpran ki kote sa prale.

Pep ayisyen, pran san nou, an nou rete tet poze

Pou'n apran tolere, menm le nou pa ta vle

Pou'n pa janm okazyone ou bay opotinite

AK zot Ki ta vle toujou fe'n mechanste.



# **ANYEN**

Si Depi'w tou piti , yo

pa montre'w ou fe anyen

Menm le ,ou ale lekol

Yo pa apran fe anyen

Ou grandi san ou pa ran kont

ou pa janm' reyalize anyen

Se Le ou we ke ou pa posede anyen

Ou chwazi pou rantre nan leta

p ou'w ou ka vini yon politisyen

Se pou yo pa rele'w yon voryen

Mon che ou se yon move sitwayen

Paske Ou pa util sosyete anyen.

Yo toujou di ou bay sa ou genyen.

Men si ou pa genyen anyen

Kel ke swa pozisyon ou sou teren –an

Ou pap janm ka ofri anyen

Se de pi'w ou te tou piti wi pou'w konen

Ki moun ke ou ye e ki karakte ou genyen.

Donk se pa san rezon,Si ou paka ofri anyen

Ou konnen byen ke ou pap janm ka bay anyen

Ah mon che, nan ka sa ou se yon pa anyen

Ou pito tounnen yon sendenden

Kap pase tet ou nan tenten

Nou dedye'w poem sa-a " ANYEN '

Se pou'w ka vini yon meye sitwayen pou demen.

Map raple'w menm pou Anyen

Ayiti se yon liv istwa pou Ayisyen

Paj paw-la pap jan'm vo Anyen

Tout tan ou pa apran fe ak ofri Anyen

Francois Joachim Dessalines

Community Organizer 09-08-2011



# **AN KREYOL**

Mwen ekry sa an kreyol

Pou ti mounn ki ale lekol

Lakay, moun ki pale Kreyol

Se sila yo ki pat ale lekol

Lot yo ki te ale lekol

Paka pale pyes lang yo appran lekol

Men jan yo ka pale yon bon kreyol.

Moun ki ka li kreyol

Se sila yo ki te ale lekol

A la traka pou lang kreyol

Anpil moun pale kreyol

Men yo paka li kreyol

Sila yo ki ka li kreyol

Pa vle pale kreyol

Paske yale nan yon move lekol

Anpi l lot jete kreyol

Tankou van ki voye jete yon fey tol

Nou bezwen ,li ekry ak pale kreyol

Tankou yon lopital ki bezwen Tylenol

Le ansanm nou tout li –ekry ak pale kreyol

Ayiti peyi'n ap Vini yon pi bon lekol

August 25 th,2012

# **ENDEPANDANS**

Yo vle'n celebre avek tout Ameriken

Pou jou fet pa yo ka pi bel nan tout kat kwen

Endepandans pa yo se bondye ki desan

E fet pa yo selebre nan tet ansanm

Yo vle'n blye passé'n, e yo pa vle nou kompran

Bel travay libete sa-a ke papa'n ak manman'n

Te mouri kite pou nou tout ki rele ayiti manman

Endepandans pa nou,s e nan chan khan

E ki sa nou tout Aysien pokonpran

Kote ti jwet ke nou pa ka jwe ansanm

Nou dwe jodi-a fe tout ptit peyi-a vin ran

Homaj'- respe- Ak tout fos-yo, ak tout nan'm

Pou yo kriye libete e pou yo chante ansanm

Ayiti manman nou , ou ce you'n nan pi bel fanm

Me zanmi se pou nou tout Ayisien sonje

Tout tan ke yo pa vle ptit pei-ya chante libete

se pou nou Pa janm kwe,nan gro travay linite

ke zanset nou yo, poukont -yo te reyalize

Nou tout ptit pei-ya dwe kanpe pou'n selebre

Jounen fyete, diyite ,premye pep nwa revolte

Mak bet pa nou , Ayisyen tout kote, se mak libete

Mak rigwaz nan do esclav sou tout chantye

An verite nou pa ka blye, patron san pitye

Ki pat janm vle nou mache tout bon ak fyete

Se pou'n fout leve kanpe, Se pou'n Selebre

Tout bon vre,fet pa nou e chak ane

Endepandans pa nou nan tout kat kwen.

Menm jan ak tout mounn tout lot kote

Dessalines Joachim 07-2007



# **AYITI**

Lè zom sou latè, toujou vle fè nou kwè  
ke se yo minm sel ki gen je pou fe nou wè  
ki gen bouch po di nou ak tout kè  
tout sa moun sa –yo ki gen move kè  
Ap fè tout ptit bon die pase sou latè  
Yo pat janm konpwan si nou minm ti nèg nwè  
Ta gen bon je passe yo, pon nou fe yo wè  
Ta gen bon bouch pase yo ,pon nou di yo ak kè  
Lakay se sel bagay ke nou posedé tout bon vwe  
Se moso tè Bondye te fe nou kado,li pa pou lwe  
Li pa pou vann si w kapab vi n pwan  
An nou priye bondye poul jete yon pè dlo beni  
Nan mitan tout ti neg ki vle batay ou mouri  
Pou sovè peyi ,lakay se bel Ayiti cheri  
An nou priye Bondye poul ede nou sove Ayiti  
Ki de jou an jou ap vinn pi mal ou depafini  
An priye Bondye poul jetè yon pe dlo beni  
Nan mitan tout Kriminel ak mechan pou yo Konveti  
An n pa janm di ke Bondye pa wè sa kap pase  
Li rete anlè ya tèt li chage lap panse lap gade  
Tout konplo ke ti neg ak ti blan ansanm ak mare  
Pou yo krase brize ,elimine tout sa bondye te kreye  
Ann fe yo sonje :yon jou pou chasè,yon jou pou jibye  
Ann di yo Eklesias gen polu frape pye li yon lè

Poul li di ton nè Li pa ka pab anko, sa se fout ase  
Si lè zom te gen pouvwa Bondye nan pla men yo  
Yo ta detwi tout la tè e menm pwop tet pa yo  
Anpil gaso vante tet yo brav e ,gason vanyan  
Yo di ke se yo menm sel ki gen lespwi ou entelijans  
Yo pa benyen nan larivyè men yo benyen nan gwo kouran  
Se paske yo pa janm konnen ki pèlen depi lontan  
Ti neg ap tann ou pare pou tout zot ki malveyan

Ann priye Bondye poul evite tout mechanste ak trayison  
Ann priye Bondye poul pote yon bon solisyon ak gerizon  
Nan maladi ki nan kèm nan kwè ou pote yon sel sansasyon  
Ann priye Bondye poul banou yon ti kal nan lanmou-li  
Pou nou ka chita ansam nan respe youn pou lot  
Pandan nap brase lide pou ede peyi- nou Haiti libere

Francois Joachim 07/21/92

# **IDANTITE**

Lontan ce tout bel bagay ke nou te konn fê  
ki koz mounn tout lo koté, chak jou vinn kwê.

Nan listwa, mizik ak politik , nou make  
premye pyon ki fê ou menm tou , ti frê  
te kwê ,tout bon vré, ke ou se ptit lakay.

Jodi-a tout ptit gonayiv vlé pas vlé ,yo alé.

Dechoukaj, mizê nan pousyê ak polititik  
ce twa pesonaj malvéyan ki krazé lakay .

Yo fenn pedi vale'n.,Yo fenn pedi lespwa.

Lontan.Se te tout bel gol nan match football  
Tout ti bel chanté- mizik Symbi ak Volcan  
Se te tout bel panyé nan basket Koléj ak lycé  
Se tout bel lesion moral ti manno te ba nou,  
ké nou té meté ansanm ki te ran nou fyê .

Gonayv nan nuit kon la jounen.limyê  
dinyte ak fyeté tap limen pou ékleré  
Tout ptit sa yo, vwazin bo lakay , frê ak sê  
Nou tout wi ki te kwe nan linite ak libeté

Jodi-a politik ak syklon jane fenn- pedi  
lespwa, kouraj, dinyte fyete ak zanmi

Gonayv, tout ptit ou ap krye ,yap rele,  
E menm le nou pa ta vle, nou tout divizé.

Fanm ak gason vanyan ,mete men nou  
Ansanm ak sila yo ki vle, pou yon bon jou  
Nou ka jwenn Fôs , kouraj , ak lanmou  
pou ofri sa ki bon ak tout ti moun lakay

Gonayv tout ptit ou, chak jou, yap revé  
Pou-w ka vinn pi bel tankou yon bouke flê  
E yap la pryé menm pou sa yo ki pa vle kwê  
Ke mwen menm ,Ou menm ak ,Yo menm  
Ptit Gonayv, nou tout se frê ak sê

Dessalines Joachim 03-15-2005



# Kem ap dechire

A chak fwa ke map gade

Yon vwazen bo la kay mwen

Ke system-nan ap maltrete

Apre ke li pedi tout sa kel te posede

San konte yon mari ke

Li menm tal cheche an Ayiti

Neg-la rantre epi li separe ak manze

Nan denye kay li te rete ya

Depi le li te pedi tet-li-a

Apre ke mari'l te abandone

Depi ye, yo metel deyo la dan'n

Yo mete tout afel nan la ri.

Yo menm peye yon company vini ramase-yo pou fatras

Depi'm maten , Madan'm nan chita nan la ri-a

Men li nevê di swa, jiska prezan li nan la ri-a

Kem ap dechire, pou Henriette

Moun Gonayiv ki te rete lot bo kanal

Se sa Selman mwen konnen de li

Li genyen yon ptit gason yo rele jimmy

Li menm tou tet li pa bon

Yo de ya, chita ansan'm nan mitan la ri-a

Yo pa gen peson kom fanmi

Yo pa gen pyes kote pou yo ale

Nou bezwen ede Henriette

Men nou pa konnen kouman

E ki sa pou nou Fe pou li

Mezanmi . ban'm yon ide pou Henriette

09-04-2012



# **MWEN WE LWEN POU AYITI**

Ayiti vini pou mwen, yon son kloch kap sonen

Chak jou, nan tout kat kwen lan nwit kon la jounen

Pou fenn sonje tout ti mounn kap trennen

San fanmy, manman ,papa .E pa menm yon vwazen

Pou lonje yo la men, malgre tout sa yo gen bezwen

Lanmou, lybete ,ledikasyon ak yon bon swen.

AYITI yon lot fwa genyen pou'l frappe

Se plis letranje kap pral krye

Se det pou Ayiti yo gen pou peye

Se san la jistis zanset nouyo kap koule

Tout swit apre pey'n pral demare

Le sa-a tout bon vre na va chante libete

ANPIL grot pwal debouche

Anpil minn pwal kreze

Ayiti gen pou'l chita gade

Lot tranbleman ki gen pou passé

Ayiti gen pou'l cho kon dife

Fwa sa-a yo tout ap oblige ale

E vreman yo pap ka rete

Le sa-a tout bon vre na va libere

Ayiti nan lespri'm lan nwit kon la jounen  
Map panse, travay ak reflechi chak maten  
Map la prye pou'm mande bondye chimen  
Chimen delivrans ak libete pou yon pep detounen

Manman ak papa ptit tout kote  
Mare vant nou byen sere  
Jou-a gen poul rive  
Fwa sa peson pap ka epanye  
Se la mize ak l'enjistis kap fe nou revolte.

Yo gen lontan yap prepare  
Pou yo fe san tout ptit peyi-a koule  
Lame etranje blayi tout kote  
Yap tan sinal trahison ak mechanste  
Pou yo kraze elimine tout ptit bondye  
Maten-an depi'm leve. Ak Ayiti map panse,  
Dlo tout tan ap koule nan jem, pou aroze  
Tout san ki koule, tout sitwayen ki ale  
Lespri kap guide'm ap ede'm panse  
Malgre tout efo nou fe, pou evite tout male

Jou-a preske rive. E peson pap ka epanye.  
Le sa-a Ayiti ap libere, nou tout ap chante  
Viv Ayiti, Aba lenjistis e Viv Libete

# **APWAN REVE**

Yon moun ki pa reve gran

Pa kapab realize sa ki bon

E sa ki ran la vi –a toujou pi drol

Gen an pil moun ki reyalize gwo bagay

E ki pat menm panse reve yon ti pay

Mal gen empresyion ke rev yon moun

Toujou mache ak realite ke lap viv chak jou

E se sak ki fe ou fache, le ou domi reve

Ou we ou rich nan yon rev ou tap fe

Ou fwape pie –ou set fwa ., pou ou di

Tone a pa se nan domi ‘mwen te ye

Me zanmi fok nou pa konfon

tou sa ou we nan domi

Ak tout sa nou dwe ta reve

pou ran la vi-nou chanje pou miyo

Se difderans sa-a ke nou pa janm fe

E ke nou toujou panse

Chanjman peyi lakay.

Se Selman nan domi

nou tout kapab reyalize'li

Paske nou pa janm wê e kwê

Nan ki reyalite nap viv e tan yon soyete

Ayisyen tout kote domi pou yo reve

we yon Ayiti Miyo ,yon ayiti san traka

Men yo pa janm reyalize yo menm tou

Ta dwe san traka, yo menm tout a dwe korije

Yo pa janm vle accepte reyalite sa-a

Men yo preferer we nan domi

Ke Ayiti pa janm chanje

Nou refuse révé je klê

Pou nou ka toujou inyore

tout verite ak realite ke nap viv chak jou

Se selmam le nap domi nou vle chanjman

Men kon je nou clê e yon fwa ke nap brase

Nou panse tout peyi-a ap mache tout bon vre

An nou apran reve san nou pa domi

An nou apran panse pou peyi ya pa fini

An nou cheche kompran'n rezon e pou ki sa

Ayiti peyi nou ap vin pi mal ou depanfi

An nou sonje ansanm ke se pa Selman

Nan domi nou panse ke Ayiti kapab chanje

Reve pou yon ayiti miyo

Se kalkile, se reflechi, se panse

Ak tout moun kap viv nan sosyete-ya

Reve pou yon Ayiti miyo

Se renmen tet ou ak pwochen ou

Se ofri sa ou genyen ak si la, yo ki bezwen

Se pataje la vi , lanmou ak lespwa

Se reyalite sa- nou tout dwe wê nan je klê

Si nou vle tout bon vre ke ayiti chanje

Nou pa ta dwe rele tout sa nou

We nan domi rev, Men se ta pito

Tout sa nou tad wê nan je klê

E ki sanble youn' nan pi gwo rev

Ayisyen tout kote kapab reyalize

Dessalines Joachim

03-16-2008

# Pitye Ayiti Mande

Pep Ayisyen Fò nou tout reveye

Sa fe lontan nap dòmi kanpe

Peyi'n tombe nan yon lavicon dede

You'n ale –You'n vini anyen pa chanje

Ann krie pitye , ann nou rele

Pou yo sispan kraze, sispan touye

Pitit peyi-a , E tout sa yo ki vle

Ayiti vinn pi bel tankou yon pel

An nou krye yon tet ansanm

Pou tout pitit peyi-a konpran

E minm sa yo kite byien lwen

Vinn ran ayiti pi bel tankou dantel

Pi dous tankou yon moso kan

Ayti tout lannuit tout la jounewn

Son kloch la mize ap sonewn

Ayiti rele pitit liyo, retounewn

Vin ede tout politisyen, tout sendenden

Kap touye tout ti fle ki tap boujonnewn

Lidê politik nou yo ,tanpri souple

Nou tout ta dwe konsène

Pep la mande,si- ou gewn volonte

Pou ede peyi nou tout bon vre

Son wont devan la sosyete

Listwa va jije nou pou mechanste

Nou fe tout ptit peyi-a passé

Aysien anndan vle pati , yo vle ale

Sak deyò- yo ap rele se pat sa yo vle

Zanst –nou yo, yo tout ap mande pitye

Se nou toutt ki la kòz

Nou tout ap pran yon pòz

An nou sispan pran Bòz

Pep la mande lekol ak bon dòz

Presidan Dirijan tanpri souple

Leve kanpe, se mange pep la mande

Libête –travay- sekirite ce sa nap chêche.

Francois Joachim 10-19-2004

# **PREMYE JANVYE 2014**

Prye de liberasyon pou Ayiti

Premye mouvman Sosyal pou

Lyberasyon peyi-d'ayiti

SHARE ,envite nou tout, pitit peyi-a

E sitou , mounn nan komin gonayiv

Pou yo patisype ansanm nan

Prye liberasyon pou Ayiti

Nan dat kap premye janvye

De mil katoz, a midi

Sou plas endependans peyi-a

Nou envite tout moun

Nan tout kouch sosyal

Pou yo patisype nan moman prye-sa-a

Nou mande'w Selman pou'w

Mete yon mayo blan byen pwop

Pote yon balein kom senbol limye

Pou ede'n klere tout fos nwa

Ki anpeche Ayiti demare

210 lane pase depi nou te deklare

Ayiti kom premye peyi ki gen lybete

Nou mande solidaryte tout pitit bondye

Pou ede'n prye pou liberasyon peyi d'ayiti.

Community Organizer(C.E.O of SHARE)

Francois Joachi

## **Se pa fot nou,** si 'n pa ka ede

sosyete-a, tout bon pou'l avanse

Se twop regleman ak la lwa ke les zom egzije

Biwo krasly ak pemi po'un aji,

Nou pa janm reyalize, tout bon vre

se yon fason pou'n pa jan'm rive

Atend objektif ak decizyon pou'ede

Kom si vreman pou tout akt de bone volonte,

ke nou vle pataje ak tout ti moun kap krye

Yo egzije'n peye frekansite paske nou vle ede

Li pa ekry nan la bib, pyes kote

Nou dwe peye a chak fwa n panse

Ede , Bay ak pataje kel ke swa necesite

Fe yon byen sou la te toujou komplike

Men sila yo kap kraze ak touye

Toutt sa yo, chak jou, kap fe mechanste

Nan tout peyi civilize ,yo ta dwe

Asire yo peye,yon fre lybete.

Peye pou krim, ke yo vle egzekite.

Fe yo peye yon fre paske yo refize

Ke la sosyete avanse, jan bondye te mete

Yo ta dwe peye men jan ak sila yo

Ki gen bonne volonte pou ede

Yon fre libete pou mechanste

Pou yo ka posede yon lisans pou touye  
Sila yo ki nan povrete,e lot ke la nati neglige.  
Si les zom teka peye, tout bon vre  
Yon fre a chak fwa yo panse touye  
A chak fwa yo ta renmen fe yon mechanste  
La nati vreman te ka pab pi byen proteje



# **Tren-an sipoze derape**

Avek tout sa yo ki vle

E nap oblige kite dêyê

Menm lé nou pa ta vle

Si la yo kap krasé brizé

Tout sa yo ki pa vlé mété

Tet ansam, lanmou ak linité

Tren-an sipoze dérapé

Fwa –sa lap byen chajé

Avek tout ptit bon dyé

Tout sa yo ki genw dinyité

Tren-an sipozé derapé

Li pral Mennen nou assisté

Yo gwo men lévé

Kap fet nan yon ti coté

Yon ti vil anAyiti yo rélé

Gonayiv ki se la bel cité

Tren-an sipoze dérapé

Pou'l men nen tout bon vré

Menm coté, sou menm chantie

Pou nou ede tout ptit bon dye

Si la ki sove nan la rivyiê ki pase

Nan gonayiv ak lot koté


Tren-an sipoze derape

E lap pase tout lot kote

An verite poul ramase

Tout sa yo ki vle edé

Gonaiv ak lot sa yo ki sové



# **NEG PEYI D'AYITI**

Fok nou fe neg pye ate yo,  
goumen ak neg ki gen soulye yo  
  
Fok nou asire-nou tout tan  
  
ke yap goumen antre yo chak jou  
  
Se sel fason nou ka gen predominans nou  
  
Sou ti peyi Neg sa-a , Ayiti  
  
ki pran endependans-li pa le zam.

Batay divizyon an pou elimine fos linite  
  
Ki te ran nou fo kom neg ki endependan  
  
komanse nan Neg Potoprens, neg provens  
  
Nan potoprens, se neg Petyonvil- Neg Belai  
  
Neg kafou! Neg Bizoton, Neg Lalu  
  
Nan provens, neg la vil ak neg andeyo.

Sil te sa selman nou tap genyen yon chans  
  
Men li pral kontinye pi red, nan ckak vil  
  
Yo pwal gade pitit ki moun ou ye  
  
Ou byen nan ki katye ou soti  
  
Pou yo ka determine ki tip de neg ou ye  
  
Neg anho, Neg anba, neg raboto, neg dekaho  
  
Neg Gonayiv, neg okap, neg jeremy

Divizyon blayi nan tout ensitusyon ki ta dwe ran nou fo  
Menm andedan system ledikasyon, sa depan ki kote wal lekol  
Kay fre, kay me, lekol leta, lekol akoyo, lekol boureli  
Wap jwen yon fomasyon depan de pitit ki moun ou ye  
Ki es moun ki ras ou, ki paran ou e ki moun ou konnen

Si division-an te rete an Ayiti Selman  
Nou tap gen chans pou'n sove tout ayisyen  
Ki te deside kite peyi-a , kel ke swa neg yo ye  
Li la pi red, Neg andedan se ayisyen  
Neg deyo se Dyaspora,menm le yo te  
Pran nesans nan peyi d'Ayiti  
Sel peyi Neg, endependan nan mond-lan.  
Sa vle di yon neg Ayisyen,peyi'l se Ayiti.

Depi se kote Ayisyen ap evolye,  
Fok ou jwen yon grenn Neg ki diferan  
Ou pa fouti jwen de neg,Ki nan menm ran  
Sil pa yon- neg milat, li se yon neg pep  
Sil pa yon neg Makout, li se yon neg Lavalas  
Sil pa yon neg lespri, li se yon neg sot  
Sil pa yon neg eklere, li se yon neg abitan  
Sil pa yon neg potoprens, li se yon neg andeyo

Si ou ta desyde al pi lwen,kom neg d'ayiti

Kel ke swa direksyon ke ou pran nan la vi'w

Si'w pa jwenn yon etranje trete'w tankou neg

Paske yo rekonet,vale'w ak lespri'w.

Yo ta prefe di'w ke neg sa-a panse tankou blan

Tan pou yo ta di'w ke neg sa-a genyen lespri

E pa etone si ou rankontre ak yon NEG

Ki pa jam vle trete'w menm jan Li ta renmen ke ou trete'l

Ki pa jan'm vle rekonet konptans ou

kel ke swa Sa ou reyalize nan la vi-ou.

Se pa fot li s'il pa ka we ou byen,

Li senpleman, gade'w tankou yon neg.

Li Selman ka diw'ou: Neg sa-a kon se yon afe li ye.

E se konsa wi neg la ka komplimante'w

Men li pap jan'm dako ke ou Neg pase-li

An verite nou tout se Neg ! Melerezman

Depi nan lesklavaj, neg pa janm vle we Neg.

An nou apran viv, panse, reflechi

tankou yon bon grenn neg

Dessalines Joachim Dessalines

8-12-2013

# **TONTON NWEL DIM KILE**

Ki le na sispan goumen pou jete gouvenman

Ki le na travay pou nou fe yon bon chanjmam

Ki le nan sosyete la kay, na jwen lekol ak travay

Jous kile nap sispan touye ,soufri ak pase tray

Pe letenel ki le, wap fe nou jwenn yon bon lyde

kap panse,kap trase plan ak bon chemen travay

Ansanm ak tout lot, zanmy , fre ,se ak tout pitit la kay

Pou ede peyi nou avanse ,demare ou soti anba pay

Jous ki le TonTon Nwel , moun lakay ap sispan pase tray

Nan ale cheche travay, sou teren vwazen bo lakay

Ki le nap sispan tout divizyon ki anpeche'n travay

Ki le nap komanse Mennen ansan'm yon sel batay

Pou defan'n yon sel koz, yon sel entere, yon sel avantaj

Ki le nap chwazi retounen bo- lakay pou nal travay

KI le ansanm nap aksepte kanpe pou'n leve menm chay

Pou ede pitit Ayiti , sispan vini lot kote pou pase tray

Pe letenel, tanpri souple, dim ki,le . E edem we kle

Montre 'm chimen, E ban'm limye pou'm ka we pi kle .

Ki le nou ka chanje lakay, ban'm mande tonton Nwel

Ki le fet tonton Nwel , pou tout timoun ki anba twel

Francois Joachim 12/19/2013

## **PA KONDANEM**

Ou we , mwen ka konpran'n panse'w

Mwen Selman kite letenel guide'm

Si'm se ptit li , li ka fe sal vle ave'm

Ou gen dwa utylize'm kom referans

Depi se pou ede yon lot pran konsyans

Ou pran plezy jije'm, krytik'em

Pou tout ZEV ke map eseye fe

Ou kondane'm pou sakryfis ke ou we'm fe

Pa jan'm gen konsyans pou'w evalye sam fe

Se Inyorans, jalouzy ak mechanste

Ki fe ou manke we pi kle, menm si wap gade

Men ou pa jan'm gen tan pou we,sa ou dwe we

Apre tout sa ou dim fe, ki sa , ou menm ede'm fe

Mwen chwazy pa krytike, ni konpare sa lot moun ap fe.

E ki sam ye. E ki Dwa'm pou'jije, Selman m'ka prye Bondye

Pou'l ba nou lyme ak matyrite.Pou'n pi byen apran evalye.

Anveryte nou ka toujou chanje, Nou pa bezwen kredi sou la te

Sa pa vle di tou ,avek Ke'w ,Pou'w foure'n, avan le , anbate

# **SHARE ZANMI**

Relasyon zanmi nou, ta dwe pi fo toujou.

E se sa pou ki fe, nou mache ansan'm .

Le nou rekonet , e aksepte viv youn lot

kom yon zanmi, yon frè, ou yon fanmy.

Le nou konekte tout bon vre

Le nou respekte you'n ak lot.

Le nou sipowte you'n lot

Le nou pataje lyde youn ak lot

Le nou anbrase ansanm yon sel vizyon.

Le nou aprann reflechi ansanm sou menm plan

Ki egzije nou travay ansanm tout tan

Kap mete nou tout ansanm sou men chantye

Le sa-a nap avanse ansanm

Se pat sa ki te fet E sam vle nou konpran

SHARE yon fanmi ki ansanm tout tan

Yon objektif,yon vizyon,yon lyde, yon rev

yon chalenj ki motive'm voye jem sou tout ti moun

Genyen plys nan nou menm ki we Selman tet yo

Ke yo gade tout sosyete-ya , mwen ka konprann sa

E sa permet nou pa ofry plys entere nan Mouvman-an.

E Mwen pa genye twop pou'm ofry nou tou

Nou pa two enterese,mwen ka konprann sa  
Malgre tou mwen Refize kwe sa ,mwen pa gade sou sa  
Map kontinye fe tout sa mwen ka fe pou fyete Gonayiv.  
E jis kas ke nou vle pran konsyans,  
map toujou ede nou avanse, paske se yon ijans  
pou nou rezoud pwoblem sosyete ya, si non...

Men mwen pap aksepte, ou jan'm dako  
pou'n panse ke se nou kap fem fe efo.  
Mwen kontinye menm le nou pa fe pyes efo.  
Twa zan, pase,menm le nou pa ofry TI MOUN yo anyen  
SHARE toujou egzyste, jis ki kote konsyans nou ap rive.  
Se vre , nou men ki ta dwe we pi kle, kom lyde  
Nou ran sosyete –a pi divize Selman pou zafe entere  
An nou aprann gade entere tout yon komynote  
Ke nou we tet pa nou Selman, la vi ap genyen plys sans.

# Ou fe kom si ou pa we

Ou fe kom si ou pa wê, tout bon bagay yon lot ap fê

E pi wap pale , ou ta renmen wê plis lot moun fê

Ou fe kom si ou pa wê, tout bel travay yon lot koumanse

E , menm ou menm te ka pi byen kontinye

Ou fe kom si ou pa wê, se pou'w anpeche yon lot vanse

Anverite ou fe kom si ou pa wê, se pa paske ou pap gade.

Ou fe kom si ou pa wê, la mize ptit bondye ap pase

Ou fe kom si ou pa wê tout manman chak jou kap krye

Pou ptit yo kap soufri e ki pa ka jwen anyen pou yo manje

E malgre tout sa yap andire , ou fe kom si ou pa wê.

Ou kite tout move santiman ap trenen'w deyê

Jalouzy, anbisyon ,malveyan , ap detwi ke'w

Se tout koz sa yo ki fe ou fe kom si ou pa wê.

Si kout plim dessalines te k a fe ou wê klê

Mwen pa tap janm ekry ni pou fe wê

Pito, mwen tap ankoraje anpil lot moun fe

Tout bel travay ke ou fe kom si ou pa wê.

Ou fe kom si ou pa wê, pou'w dekouraje yon lot fe

Menm si wap gade ou pa janm ka rive wê, la mizê

Menm si wap tande, se pa janm vwa moun kap mande

Ou fe kom si ou pa wê, menm le wap mande Bondye

Pou la kay pa janm chanje, pou'w ka di ou te wê

Ou fe kom si ou wê tout bel bagay yon lot ap fê

Ou fe kom si ou pa wê, tout bel tablo la mize  
Bel chanson ak Mizik ke ou refize achete  
Ou fe kom si ou pa wê tout bel pwezi, sou Ayiti,  
Ou fe kom si ou pa wê, pandan ke ou prefere chwazi  
la Fontaine ak Corneille , se pou'w fe kom si ou pa wê  
Ou fe kom si ou pa wê oken bel ti kote an ayiti  
Wap gade foto , lot peyi , lot kote nan tout jounal Miami  
Ou fe kom si ou pa wê, lakay , ou anpeche'l vanse

Inyorans, mechanste ak jalouzy se barye pou'n kraze  
Si reyelman nou vle fe tout sa lot moun ta renmen wê  
Menm le yo fe kom si yo pa wê, kontinye tout tan fe  
A la yon bel bagay, le ou antoure ak lot moun kap fe  
Sitou sila yo kap ankouraje'w , ede'w , e pouse'w fe  
Menm si ou fe kom si ou pa wê ,map ankouraje 'w fe

Dessalines Joachim GONAIVES 1/28/2015

# **EDE'M KRIYE**

Mezanmi, Ede'm krye ,Ede'm pwoteje ak konseve .

Moso te, zanset nou yo, pou nou tout ,te mouri kite.

Nou tout ki rele ayiti manman ou peyi . Ann nou krye

Pou'n bare tout move lanmo,move koz ak mechanste

Move tan kap mare, e ki pral soufflé sou peyi d'Ayiti.

Nap anonse gwo van syklon elekson, ki pare pou ravaje

Tout ti fle ak , ti jaden lespwa ki ta pral boujonnen.

Yo vle pou'n kwe ELEKSYON nan nen pot kondisyon

Se pi gwo mwayen devlopman, ke nou meryte.

Men le. Nou pa janm ka fe yon bon chwa.

Ayisyen tout kote, louvri je nou pou nou reflechi ,

Ann mande ki kote sous pproblem la kay nou soti.

An verite, si nan tout lot peyi Eleksyon mete

bon jan enstitusyon sou plas pou ede'n byen chwazy

bon gouvenman, bon prezidan. Lakay se diferan.

Se pito yon mwayen pou blanchi tout move lajan.

Sou pretex pou ede peyi. ELEKSYON se machine

semans divizyon,ke nou itilyze kont nou menm,

avek nou menm e pou nou menm, pou derasynen

tout rasyn pye bwa lybete , fyerte dinyte tout ayisyen .

Ede'm trouve repons , kesyon ki pa jan'm poze

Pouki sa kantye lajan ki depanse pou fe pwopagan  
Ak demagoji kom volonte reyalize ELEKSYON.  
Pouki sa tout kob sa yo pat pito depanse nan ledikasyon  
Ki guaranty bon jan fomasyon, pou nou respekte dwa  
Tout moun . E menm pou ede nou fe pi bon chwa.

Mwen kontinye rele se pou nou ka ede'm konpran'n  
Pouki sa tout sa ki pase deja-yo tankou Duvalier,  
Aristide, Preval ak Martelli. Yo tout echwe.  
Malgre tout kantite moun kite mouri ,sou yo  
, pou yo et deye yo ? tout sa o non la DEMONKRASY.  
Nou vin chak jou pi mechan.  
Ede'm krye pou tout sila yo kap pase AYITI anba pye  
Pou pi gwo wol yo te jwe, nan 213 lane ki te pase.  
An veryte, se pou tet sa Selman ayiti paka demare.  
Anveryte , Ayisyen transfome jody-a kom premye  
pep ki aksepte fe lesklavaj modenyze , tout kote.  
Pou tet sa nou dwe krye. An'n rele,jis pou AYITI demare.

Francois Joachim Dessalines

# **REFERANS**

Referans ! se bon jan konesans

Se yon mo ki geyen plisyê sans

Nou ka bay , jwenn ak pran yon referans

Yon bon referans pa ta dwe pou yon rans.

Se yon koneksyon ki gen anpil enpotans

Se pito pou yon chwa ak preferans

Referans pou ba'w direksyon nan tout sans

Referans se pou tout moun ou fê konfyans

Referans gen plis sans le li fet sou konpetans

Sel konesans ta dwe yon bon baz de referans

Yon move referans ka detwi san konsyans

Konesans, ak bon referans bay la vie yon lot sans.

Fem konfyans, referans pam baze sou konpetans.

Kwe'm si ou vle ann pran yon ti chans

Yon jou na di ke'm te banou yon bon referans.

Eske ou se yon zanmi m'ka itilize kom referans.

An verite la vi'm ap fe plys sans.

Mesi pou tout chans ke nou te fe Konesans.

Mwen reyelman kwe, Ou se yon bon referans